# ХЕТÆГКАТЫ КЪОСТАЙЫ ÆМДЗÆВГÆТÆ
# АХУЫР КÆНЫНЫ МАДЗÆЛТТÆ
# БАЦÆТТÆГÆНÆН КЪОРДЫ САБИТИМÆ

**Слайд 2.**

Рæвдауæндон у ахуырады системæйы фыццаг къæпхæн. Уымæ гæсгæ хъомылгæнджытыл æвæрд ис стыр хæс – сывæллæтæм мадæлон æвзагмæ уарзондзинад гуырын кæнын, ирон адæмы культурæмæ сæ фæхæццæ кæнын.

Мадæлон æвзаг базонын æмæ дзы куыд бастдзинад æмæ зонындзинæдтæ исыны фæрæзæй пайда кæнын у рæвдауæндоны сывæллæтты ахсджиагдæр хæс.

**Слайд 3.**

Абайты Васо куыд загъта, афтæмæй «Ирон æвзаг у хъуыдыйы æмæ æнкъарæнты тæккæ лыстæгдæр æмæ уæздандæр фæзилæнтæ равдисынмæ чи арæхсы, ахæм æнаипп, рæвдз æмæ коммæгæс хотых».

**Слайд 4.**

Мадæлон æвзаг ахуыр кæныны хъуыддаджы ахсджиаг фæрæзтæй иу у сывæллæтты ныхасы рæзтыл куыст. Сывæллоны ныхас 6-7 азмæ æмбæлгæ æмвæзадмæ куы нæ æрхæстæг уа, уæд уыцы фæндаг фæстæдæр æнтысджынæй йæ къухы нал бафтдзæн.

Ныхасы рæзтыл кусгæйæ æдзынæг хъусдард хъуамæ цæуа сывæллæтты лексикæ фæхъæздыгдæр кæнынмæ, сеʼвзаг сын литературон нормæтæм æрхæстæг кæнын æмæ кусын сæ ныхасы грамматикон бындурыл, цæмæй сæ хъуыдытæ кæрæдзиуыл бастæй аив дзурой.

**Слайд 5.**

Ныхасы рæзтыл архайыны фарстайы сæрмагонд бынат ахсы сывæллæтты поэзиимæ зонгæ кæныны æмæ йæм уарзондзинады æнкъарæнтæ сæвзæрын кæныны куыст. Рæвдауæндоны сабиты ахуыр кæнын хъæуы поэтикон уацмыс æмбарын, зæрдæмæ исын æмæ йын аргъ кæныныл.

Ӕмæ, кæд скодтам поэзийы кой, сæрмагондæй та – ирон поэзийы кой, уæд, æнæмæнг, хъуамæ æрымысæм Къостайы – нæ литературæйы бындурæвæрæг æмæ Ирыстоны ном, кад, зонд æмæ уд.

**Слайд 6.**

Къоста… Ӕрмæсттæр номæй хонынц ирон адæм Хетæгкаты Леуаны фырт Къостайы. Ирон лæгæн уыцы ном йæ чысылæй йæ амæлæты бонмæ вæййы тырысайау. Ацы ном зæгъгæйæ цæстыты раз слæууы, йæ цард æгасæй дæр йæ адæмæн чи радта, уыцы арфæйаг Къостайы цардæгас сурæт.

Ирыстоны сабиты рæвдауæндæттæй фæстæмæ зонгæ кæнынц Къостайы æмдзæвгæтæ æмæ уацмыстимæ. Ӕмæ уæдæй фæстæмæ алы ирон адæймагæн дæр Къоста свæййы хион. Кæй зæгъын æй хъæуы, сывæллæттæн цымыдисаг у йе сфæлдыстад, уымæн æмæ йæ алы æмдзæвгæ дæр у æвдисæн, Къоста сабиты куыд уарзта, куыд зæрдиагæй сын фыста. Зындгонд у, Къоста «Ирон фæндыр» сæрмагондæй сывæллæттæн рауадзынмæ кæй хъавыд, нывтæ дæр ын йæхæдæг куыд скодтаид, афтæмæй. Уыцы хъуыддаг фæстæдæрмæ æвæрд æрцыди, фæлæ цæттæ цы «Ирон фæндыр» бакодта, уым кæронæй æмбырд уыдысты, сывæллæттæн кæй ныффыста, уыцы æмдзæвгæтæ – «Гино», «Скъолайы лæппу», «Кæмæн цы…», «Лæгау» æмæ иннæтæ. Уыцы æмдзæвгæтæ фæстæдæр рацыдысты хицæн чиныгæй – «Мæ лæвар Иры сывæллæттæн».

Рæвдауæндоны бацæттæгæнæн къорды сабиты зонгæ кæнынц ахæм æмдзæвгæтимæ, куыд: «Зымæг», «Уалдзæг», «Сæрд», «Фæззæг», «Цъиу æмæ сывæллæттæ», «Кæмæн цы…», «Скъолайы лæппу»; скъуыддзæгтимæ æмдзæвгæтæй «А-лол-лой», «Ӕфсати», «Хъуыбады», «Уайдзæф», «Балцы зарæг»; фæсномыг радзырд – баснятимæ «Халон æмæ рувас», «Бирæгъ æмæ хърихъупп». Ацы уацмыстæй иутæ лæвæрд æрцæуынц æрмæст байхъусынмæ, иннæтæ та – зæрдывæрдæй ахуыр кæнынмæ. Уымæ нæкæсгæйæ, алы уацмысыл кусгæйæ архайын хъæуы дыууæ хæсы сæххæст кæныныл:

**Слайд 7.**

1. Сывæллæттæн бамбарын кæнын уацмысы сæйраг хъуыды;
2. Сывæллæттæм сæвзæрын кæнын алыхуызон æнкъарæнтæ, уацмысмæ æргом раздахынил архайын, байхъусынмæ йæм сразæнгард кæнын.

**Слайдтæ 8, 9.**

Æмдзæвгæмæ байхъусыны размæ сабитимæ æмбæлы саразын темæимæ баст беседæ. Зæгъын хъæуы уый, æмæ беседæ у ахсджиаг хъомыладон-ахуырадон метод. Йæ фæрцы сывæллæтты дзырдуат активондæр кæны. Уымæн æмæ хъомылгæнæджы фæрстытæн дзуапп дæтгæйæ сабитæ сæ дзырдуаты агурынц хъæугæ дзырдтæ.

**Слайдтæ 10, 11.**

Иннæ ахадгæ æмæ зынгæ куысты хуыз у дзырдуатон куыст – сывæллæты активон дзырдуат пъланмæ гæсгæ ауæрæх кæнын æнæзонгæ кæнæ зынæмбарæн дзырдты нысаниуджытæ базоныны руаджы. Ног дзырдты нысаниуæг бацамонынæн спайдагæнæн ис цæстуынгæ æрмæгæй, æмуидагон дзырдтæй, синонимтæй æмæ антонимтæй, тæлмац кæнынæй, дзырдтæй æндæр контексты спайда кæнынæй. Зæгъæм, æмдзæвгæ «Цъиу æмæ сывæллæттæ»-йы ис рæнхъ «… махмæ ды хъаны цард кæндзынæ…». Дзырд «хъан»-ы нысаниуæг сын ис бамбарын кæнын хуымæтæг дзырдбæстытæй: «хорз цард», «буц цард», «æнæмæт цард». Гæнæн ис æмæ сын бамбарын кæнæм уыцы дзырдæн йæ бæлвырд нысаниуæг æмæ радзурæм, кæй хуыдтой ирон адæммæ «хъан». Басня «Бирæгъ æмæ хърихъупп»-ы ис æнæзонгæ æмæ зынæмбарæн дзырдтæ. Уыдонæй иу у «фæзæрдæхæлд». Ацы дзырдæн ис синоним ссарын – фæтæригъæд кодта. Дзырд «тыхтона»-йæн та ис раттæн бæлвырд тæлмац – «насилие». Æмæ афтæ дарддæр.

**Слайд 12.**

Æмдзæвгæтæ зæрдывæрдæй ахуыр кæнын у сывæллæтты интеллектон, хæрзуаг æмæ эстетикон хъомылкæнынад.

Æмдзæвгæ ахуыр кæнгæйæ, хъомылгæнæджы раз æвæрд ис дыууæ хæсы: бакусын, цæмæй сабитæ æмдзæвгæ бахъуыды кæной æмæ йæ дæргъвæтин рæстæг сæ хъуыдыйы дарой æмæ архайын, цæмæй сывæллæттæ æмдзæвгæ аив, зæрдæмæдзæугæ æмæ æнгасджынæй дзурой. Ацы дыууæ хæсыл кусын хъæуы æмрæстæджы. Æмдзæвгæ ахыргæнгæйæ, кусын хъæуы алы сабиимæ индивидуалон хуызæй. Уымæн æмæ иумæ дзургæйæ лæмæгъдæр сабитæ фæсте аззайынц. Уыйима ма æмхъæлæсæй дзырд хъыгдары æмдзæвгæ аив дзурынæн. Психологтæ куыд зæгъынц, афтæмæй цæмæй сывæллон æмдзæвгæ бахъуыды кæна, уый тыххæй хъæуы 8-10 фæлхатæны. Уый хынцгæйæ, нæ хъæуы сабитæй домын, цæмæй æмдзæвгæ иу ахуырмæ сæ зæрдыл бадарой. Гæнæн ис, æмæ æмдзæвгæ дзурой канд ахуырты нæ, фæлæ тезгъо кæнгæйæ (зæгъæм, æмдзæвгæтæ «Зымæг», «Уалдзæг», «Сæрд», «Фæззæг», «Цъиу æмæ сывæллæттæ»); хæрæндонмæ цæугæйæ («Кæмæн цы…»); сихорыл фæлладуадзæн рæстæг («А-лол-лай») æмæ аф.д.

**Слайдтæ 13, 14, 15.**

Æмдзæвгæ зæрдывæрдæй тагъддæр сахуыр кæныны иу гæнæн у мнемотехникæ. Уацмысы мидисмæ гæсгæ æмбæлы бацæттæ кæнын нывтæ кæнæ та схемæтæ (иу ныв (схемæ) – 1-2 рæнхъæн). Уыцы мнемонывтæй пайда кæнгæйæ, сывæллæттæ хуыздæр бамбарынц æмдзæвгæйы мидис æмæ йæ тагъддæр сæ зæрдыл бадарынц.

**Слайд 16.**

Ныхасы рæзтыл кусгæйæ, стыр æргом здахын хъæуы дзырдты мырон культурæмæ, мыртæ куыд дзурынц æмæ дзырдтæ куыд загъд æрцæуынц, уымæ. Ацы куысты хуызæн дæр Къостайы поэзи у ахъаззаг фæрæз, уымæн æмæ йе᾽мдзæвгæтæ тынг хъæздыг сты «кавказаг мыртæ» кæй хонæм, уыдонæй: «загъдкъахæг», «зæрдæхъæлдзæг», «æвзыгъд», «къалати», «фæцъæх», «æргъæмттæ», «лæджирттæг», «мехъхъ» æмæ аф.д.

**Слайдтæ 17, 18, 19.**

Ныртæккæйы информацион-коммуникативон технологиты дуджы рæвдауæндæттæ дæр хъуамæ рæстæгимæ æмдзу кæной. Уымæ гæсгæ пайда кæнын æмбæлы нырыккон технологитæй. Уыдонæй иу у мобилон æфтуан «Ирон чиныг». Ам æмбырдгонд æрцыдысты ирон литературæйы хуыздæр уацмыстæ, куыд ас адæмæн, афтæ сывæллæттæн фыст чи æрцыди, уыдон. Уыимæ – Къостайы æмдзæвгæтæ сабитæн. Ацы информацион-коммуникативон фæрæз у тынг хъæугæ æмæ ахадгæ. Сывæллæттæ канд ног уацмыстимæ нæ зонгæ кæнынц, фæлæ ма уыимæ хъусынц ирон драмон театры актерты аив æмæ зæрдæмæдзæугæ ныхас. Уыдоны раст æмæ рæсугъд ныхасмæ хъусгæйæ сæхæдæг дæр фæтырнынц æмæ фæцалх вæййынц аив дзурыныл раст æмæ рæсугъд интонациимæ. Уыимæ ма ахæм куысты хуыз сæ зæрдæмæ тынг цæуы æмæ сæм тынг цымыдис кæсы, уымæн æмæ баст у нырыккон технологитимæ.

**Слайдтæ 20, 21.**

Мультфильм кæд нæй нырыккон технологи схонæн, уымæн æмæ фыццаг мультфильмтæ тынг раджы фæзындысты, уæддæр сабитæн у уарзон ирхæфсæн, цымыдис æмæ зæрдæмæдзæугæ. Æмæ уымæ гæсгæ хъомылгæнджыты куысты у ахадгæ æмæ пайда фæрæз сабиты ныхасы рæзтыл кусты. Хетæгкаты Къостайы æмдзæвгæ «Кæмæн цы»-мæ гæсгæ цы мультфильм систой, уый сывæллæтты зæрдæмæ тынг цæуы æмæ йæм кæдфæнды дæр фæкæсынц иттæг æхсызгонæй. Уыимæ ма æмдзæвгæ тагъддæр æмæ æнцондæрæй бахъуыды кæнынц.

**Слайдтæ 22, 23, 24, 25.**

Сæ уарзон поэты æмдзæвгæтæ куыд зонынц æмæ сæ куыд аив кæсынц, уый сабитæ рахæссынц сеʼмбæлтты, ныййарджыты æмæ рæвдауæндоны кусджыты рæгъмæ, цы бирæнымæцон бæрæгбæттæ æмæ ирхæвсæн ахуыртæ сæм вæййы, уырдæм. Уыцы мадзæлтты сывæллæттæ тынг æхсызгонæй æмæ зæрдæргъæвдæй фæархайынц æмæ сæ иууылдæр райгондæй баззайынц.

**Слайдтæ 26, 27.**

Хетæгкаты Къостайы номыл районы æрвылаз ацæуынц алыхуызон мадзæлттæ. Æмæ уым дæр нæ сабитæ вæййынц разæнгард архайджытæ, бацахсынц раззаг бынæттæ æмæ хорзæхгонд æрцæуынц кады гæххæттытæй.

**Слайд 28.**

Æвзаг у адæмы уд æмæ зонд, йæ кад, йæ сæрыстырдзинад. Махыл, рæвдауæндæтты кусджытыл, вазыгджын хæстæ æвæрд ис кæстæр фæлтæры хъомыл кæныны хъуыддаджы. Æвæллайгæйæ, дардмæ неʾргъæвгæйæ бацархайын хъæуы махæй алкæмæндæр, цæмæй сабиты сахуыр кæнæм ирон æвзагыл хъуыды кæнын æмæ аив дзурын. Æрмæст уæд бахъахъхъæндзыстæм нæ мадæлон æвзаг, нæ фыдæлты хæзнатæ æмæ нæ рæсугъд æгъдау.

Литературæ:


1. Большова Т.В. Учимся по сказке. Развитие мышления дошкольников с помощью мнемотехники. – Спб., 2005.

2. Бородич А.М. Методика развития речи детей дошкольного возраста. – М.: Просвещение, 2004.

3. Гризик Т.И., Тимощук Л.Е. Развитие речи детей 6-7 лет: методическое пособие для воспитателей дошкольных образовательных учреждений. – М.: Просвещение, 2007.

4. Майрæмыхъуаты Ф.А. Методикон æрмæг «Рæвдауæндæтты сывæллæтты ныхасы рæзтыл куыст». – Дзæуджыхъæу, 2019.

5. Хетагуров К.Л. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу: Респект, 2018.

6. Хуыгаты С.З. Ирон адæмы Леонардо да Винчи. Ногдзау, 2009, №10.